

# BRIDGEPORT NOUVÈL SOU EDIKASYON

DEPATMAN EDIKASYON ETA CONNECTICUT | Jen 2025

## Mesaj Komisè a

Depatman Edikasyon Eta Connecticut la (Connecticut State Department of Education, CSDE) vle pou tout elèv yo, fanmi yo, anseyan yo, ak tout kominote Bridgeport la nèt konnen nou kanpe avè w kòm kolaboratè nan chanjman, antan n ap travay ansanm pou amelyore rezilta elèv yo ak bati yon sistèm lekòl pi solid, ki pote plis sipò, k ap reponn bezwen chak grenn elèv nan Bridgeport. Nou pa konsantre sèlman sou estabilize bidjè—objektif nou se ranfòse lidèchip la nan distrik la, amelyore responsabilite, ak tabli yon fondasyon solid, dirab pou siksè alontèm. Bridgeport resevwa plis pase 300 milyon dola finansman nan men eta a ak nan men gouvènman federal la; men, san bon planifikasyon pou lajan sa a, san desizyon ki santre sou elèv yo, ak san gouvènans solid, menm pi gwo bidjè yo ka echwe nan sèvi elèv yo kòm sadwa.

Se ide ou te bay yo pandan seyans koute yo ak dyalòg kontini an, ki te gen kòm patisipan elèv yo, fanmi yo, anseyan yo, ak manm kominote a, ki dirije apwòch nou an. Chak desizyon CSDE pran, konsantre sou garanti pou tout 20,022 elèv Bridgeport yo resevwa edikasyon yo merite a epi pou distrik la pozisyone yon fason pou li reyisi.

Salitasyon kolaboratè w la,  
Komisè Charlene M. Russell-Tucker

## Kijan nou fè rive la a

An janvye 2025, SDE a te bay Komisè Edikasyon an, Charlene M. Russell-Tucker, otorizasyon okipe estabilite operasyon yo nan Lekòl Piblik Bridgeport (Bridgeport Public Schools, BPS), amelyore rezilta elèv yo—avèk yon konsantrasyon sou elèv k ap resevwa sèvis ansèyman espesyal—epi okipe lòt bezwen nan distrik la si li ta jije sa nesèsè.

Pami entèvansyon sa yo, pami lòt bagay, te gen mete yon ekip asistans teknik pou travay nan, ak avèk BPS, pou gide inisyativ yo nan distrik la epi fè rapò bay Komisè a. Anplis de sa, manm yo nan Konsèy Edikasyon Bridgeport la te oblije resevwa fòmasyon ki te fèt pou amelyore ranman yo ak efikasite yo kòm konsèy.

## Ekip Asistans Teknik la

Gen yon Ekip Asistans Teknik (Ekip la) kat manm, ki gen 150 ane eksperyans konbine nan fonksyonman lekòl, finans, ansèyman, gouvènans, ak konsepsyon sistèm, ki fè pati distrik la depi avril 2025. Ekip la fasilite 59 Seyans Koute avèk elèv yo, pèsonèl la, ak manm kominote a; li òganize yon bann reyinyon avèk distrik la ak direksyon lekòl yo, epi li fè plis pase 20 vizit obsèvasyon nan saldeklas. Ekip la rankontre chak semèn avèk Komisè Russell-Tucker ak pèsonèl li a, ki reyini avèk direksyon BPS la tou an plizyè okazyon pou pase pwogrè yo an revè epi pou aliyen pwochen etap yo.

## Kisa CSDE ak Ekip la fè jiskaprezan?

### Pwosesis Previzyon Bidjè ak Rekritman yo

- Idantifye opòtinite pou BPS konsolide peman pou transpò yo ak redui kou yo pou 2024-25.
- Fè enfòmasyon sou plasman para-edikatè Delta-T yo vin pi rapid ak pi efikas; dirije elaborasyon plan pou ranpli pòs vid.
- Pran kontak avèk kolaboratè pou bay elèv yo plis aksè a entènèt san fil.
- Kòmanse elaborasyon yon mwayèn pwosedi pou finans ak bidjè pou moun ki nan tèt lekòl yo.
- Ede BPS idantifye yon nouvo founisè tretman reklamasyon Medicaid pou asiste BPS nan maksimize ranbousman Medicaid yo.

### Enstalasyon yo ak Mentnans

- Òganize seyans koute sou plan repa ak kalite manje avèk elèv BPS yo ak pèsonèl nitrisyon an pou idantifye amelyorasyon nan meni an.
- Ap asiste BPS kounye a nan idantifye solisyon pou pwoblèm twòp elèv ki enskri an nan nouvo lekòl dezyèm sik segondè Bassick High School la.
- Fasilite mete enskripsyon santral distrik la nan CT State Housatonic, sa ki senplifye pwosesis enskripsyon an pou elèv yo.

### Ansèyman Nòmal ak Espesyal

- Mande BPS pou yo priyore ranpli pòs vid anseyan espesyal sètifye yo nan klas otònòm yo.
- Asiste nan elaji ak nan fè maketin pou Lòt Chimen Avanse pou Sètifikasyon nan Ansèyman Espesyal (Advanced Alternative Route to Certification in Special Education) pou pwofesè BPS yo.
- Pote asistans teknik pou BPS pou retabli devlopman pwofesyonèl Hill for Literacy a ki gen kòm objektif amelyorasyon alfabetizasyon an depi nan kindègadenn rive nan klas 5yèm ane.
- Kore Komite Konsiltatif Paran sou Ansèyman Espesyal la (Special Education Parent Advisory

Council) nan ekspansyon li ak nan estrateji kominikasyon global li a.

- Kòmanse planifikasyon odit kourikoulòm nan ak pwosesis pou adopsyon Modèl Kourikoulòm Connecticut la (Connecticut Model Curricula) ki disponib gratis pou distrik la.
- Planifye yon enstiti de (2) jou sou lidèchip pou administratè jeneral yo ak administratè SPED yo (Favorize Reyisit Elèv yo: IEP Kalite Siperyè ak Estrateji pou Jere Konpòtman nan Saldelas yo – MTSS).
- Planifye lansman yon fòmasyon de (2) jou pou administratè SPED ak ansèyman jeneral yo (Kore pwofesè SPED yo ak founisè sèvis ki gen pou wè avèk SPED yo gras a kontwòl pwogrè nan saldeklas yo (revizyon zouti yo), IEP kalite siperyè, estrateji pou konpòtman, ak soutyen edikatif).
- Planifye yon enstiti de (2) jou sou pwogram edikasyon endividyalize (IEP) pou pwofesè SPED ak founisè sèvis ki gen pou wè avèk SPED yo (Bay rezilta elèv yo bourad gras a IEP kalite siperyè).

### Konsèy Edikasyon Bridgeport la

- Apwouve demann Konsèy Edikasyon Bridgeport la (Bridgeport Board of Education, BBE) pou fè Asosyasyon Konsèy Edikasyon Connecticut la (Connecticut Association of Boards of Education, CABE) fè seyans fòmasyon obligatwa yo, ki kouvri previzyon bidjè, elaborasyon politik, ak wòl yo ak responsabilite yo.
- Mande BBE a pou li ranvwaye rechèch pou direktè rejyonal la jiskaske vin gen prèy pi bon gouvènans ki satisfè objektif amelyorasyon Kòmisè a apwouve yo.
- Bay opinyon pou garanti objektif sa yo te presi, kapab mezire, kapab reyalize, pètinan, ak byen tonbe.

## Pwochen Etap yo

Pandan mwa k ap vini yo, Ekip la pral kore BPS nan rezoud pwoblèm gwo kantite pòs vid la, nan idantifye opòtinite ekonomik pou redui defisi bidjète yo, nan elabore opòtinite patisipasyon pou kominote a ak fanmi yo, ak nan planifye devlopman pwofesyonèl pou ete a ak kòmansman ane a.

CSDE a pral kontinye ofri sipò li epi detèmine a ki pwen BBE a bezwen plis fòmasyon. CSDE a ap tann rezilta odit jidisyè li te kòmande an me 2025 la tou, ki pral detèmine si wi ou non depans BPS yo pou ane fiskal 2024 ak 2025 yo aliyen avèk bidjè ki adopte yo.